

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Wangun kalimah nu aya dina téks ILM hasil karangan siswa, labana mangrupa kalimah salancar basajan, ku sabab, kalimah nu digunakeun dina ILM mangrupa kalimah singget sangkan ngirut nu maca. Dumasar hasil analisis data, kapaluruh aya dua wangun kalimah, nyaéta (1) kalimah salancar, anu ngawengku; 12 kalimah salancar basajan jeung 8 kalimah salancar jembar jeung (2) kalimah rangkepan anu ngawengku; 7 kalimah rangkepan ngantét, jeung 5 kalimah rangkepan sumélér.

Fungsi kalimah nu aya dina téks ILM hasil karangan siswa, labana mangrupa kalimah paréntah. Éta hal disababkeun ku ayana sipat tina ILM anu persuasive. Ku kituna, kalimah-kalimah dina téks ILM labana mangrupa pangajak jeung panyaréng sangkan nu maca aya karep pikeun ngalakukeun naon-anu anu diébréhekeun dina kalimah, anu tujuanna pikeun kahadéan masarakat umum. Dumasar hasil analisis data, bisa dicindekkeun yén tina sakabéh data kalimah, saupama ditilik tina fungsana, kabagi kana dua kalimah, nyaéta (1) 1 kalimah pananya jeung (2) 31 kalimah paréntah; anu ngawengku 7 kalimah panitah, 13 kalimah pangajak, jeung 11 kalimah panyaréng.

Adegan kalimah dina ILM nyoko kana wujud kalimah, disawang tina unsur-unsur pangdeudeulna anu ngawengku fungsi, kategori, jeung peran. Tina hasil analisis data, kapaluruh aya 4 pola, anu di antarana (1) pola kalimah salancar basajan; anu ngawengku 5 pola, nyaéta (a) Pola Kal. Bsj (C + U aya 3 kalimah, (b) Pola Kal. Bsj (C + U + Vok. + Kat.) aya sakalimah, (c) Pola Kal. Bsj (Vok. + C) aya 2 kalimah, (d) Pola Kal. Bsj (Vok. + C + U) aya sakalimah, (e) Pola Kal. Bsj (Vok. + J + C + U/Pang.) aya 4 kalimah jeung (f). Pola Kal. Bsj (Kat. + C + U) aya sakalimah. Tuluy, (2) pola kalimah salancar jembar; anu ngawengku 2 pola, nyaéta (a) Pola Kal. Jmb (Vok. + C + U + Kat./Pang.) aya 5 kalimah jeung (b) Pola Kal. Jmb (Vok. + J + C + U + Kat./Pang.) aya 3 kalimah. Aya deui, (3) pola kalimah rangkepan ngantét anu ngawengku 6 pola, nyaéta (a) Pola Kal. Ngt

Ayu Widiyani Sigid, 2018

ADEGAN KALIMAH DINA TÉKS IKLAN LAYANAN MASARAKAT KARANGAN SISWA KELAS VII C MTS AL-INAYAH BANDUNG

(Kla. 1 Vok. + C + konj. + Kla. 2 C + U) aya sakalimah, kitu ogé dina (b) Pola Kal. Ngt (Kla. 1 Vok. + J + C + konj. + Kla. 2 C + U) aya sakalimah, (c) Pola Kal. Ngt (Kla. 1 C + U + Kat. + konj. + Kla. 2 C + U) aya 2 kalimah, (d) Pola Kal. Ngt (Kla. 1 C + U + Kla. 2 C + U + Kla. 3 Vok. + C) aya sakalimah, (e) Pola Kal. Ngt (Konj. + Kla. 1. C + U + Kla. 2 Vok. + J + C + U) aya sakalimah, jeung (f) Pola Kal. Ngt (Kla. 1 C + U + Konj. + Kla. 2. C) aya sakalimah. Nu pamungkas, (4) pola kalimah rangkepan sumélér, anu ngawengku 5 pola, nyaéta (a) Pola Kal. Sml (Kla. 1 Vok. + C + konj. + Kla. 2 J + C) aya sakalimah, (b) Pola Kal. Sml (Kla. 1 Vok. + C + konj. + Kla. 2 C + J) aya sakalimah, (c) Pola Kal. Sml (Kla. 1 Vok. + C + konj. + Kla. 2 C + pang. aya sakalimah, (d) Pola Kal. Sml (Kla. 1 C + U + Kat. + konj. + Kla. 2. J + C + U) aya sakalimah, jeung (e) Pola Kal. Sml (Kla. 1 Vok. + C + U + konj. + Kla. 2. C) aya sakalimah.

Tina analisis nu geus dipedar di luhur, bisa dicindekkeun yén kalimah dina ILM saupama ditilik tina wangunna nyoko kana kalimah salancar basajan, ari nurutkeun fungsina lolobana kagolong kana kalimah paréntah. Nurutkeun adeganna, lolobana nyoko kana kalimah salanacar jembar anu miboga pola, Vok. + C + U + Kat./Pang.) nyaéta aya 5 kalimah.

5.2 Implikasi

Implikasi dina ieu panalungtikan, sabada nengetan, nganalisis, jeung ngalarapkeun wangun, fungsi jeung adegan kalimah dina téks iklan layanan masarakat karangan siswa kelas VII C MTs Al-Inayah Bandung, dipiharep bisa ngaronjatkeun karep masarakat umum dina merhatikeun iklan layanan masarakat. Ari dina dunya atikan, dipiharep bisa leuwih ngajembaran pangaweruh ngeunaan wangun, fungsi, jeung adegan kalimah, hususna pikeun mahasiswa,

5.3 Rékoméndasi

Sabada dilakukeun panalungtikan, aya sababaraha rékoméndasi anu perlu ditepikeun ku panulis pikeun kahareupna, di antarana:

- 1) Ieu panalungtikan medar ngeunaan wangun, fungsi, jeung adegan kalimah dina téks iklan layanan masarakat karangan siswa kelas VII MTs Al-Inayah

Ayu Widiyani Sigid, 2018

ADEGAN KALIMAH DINA TÉKS IKLAN LAYANAN MASARAKAT KARANGAN SISWA KELAS VII C MTS AL-INAYAH BANDUNG

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Bandung ngagunakeun ulikan sintaksis. Ku kituna, masih perlu diayakeun panalungtikan dina widang séjénna.

- 2) Ieu panalungtikan mangrupa bagian leutik tina ambahan panalungtikan anu lega. Dipiharep panalungtikan kahareupna bisa ngagunakeun pamarekan séjén pikeun ngajembaran pangaweruh kana widang basa.
- 3) Pikeun masarakat umum, dipiharep bisa leuwih numuwuhkeun kasadaran pikeun merhatikeun iklan layanan masarakat anu aya di sabudeureun.